



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN KLIMATIK LA, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKÒ POU SEKIRIZE PWOTEKSYON PI GWO RIVAJ PRIVE NAN FINGER LAKES LA ALAVNI**

***Gouvènè a sekirize akò ak NYSEG pou anile vant ozanchè 190 ekta nan pòsyon Bell Station Landing la, pi gwo pòsyon prive bò rivaj ki pa ko deplove nan Rejyon Finger Lakes la***

***Gouvènè a mande Depatman Sèvis Piblik ak Prezèvasyon Anviwònman Eta a ak Pak Eta yo pou fasilite diskisyon ak NYSEG pou prezève pwopriyete a epi pwoteje abita enpòtan ak kalite dlo sou tout Lak Cuyaga***

Pandan Semèn Klima a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke konpayi sèvis piblik New York State Electric & Gas Corp. (NYSEG) nan nò eta a te dakò nan dat 11 oktòb la, pou anile yon vant ozanchè 190 ekta tè ki pa devlope avèk plis pase 3,400 pye bò rivaj vyèj nan bò Lak Cayuga a nan Konte Tompkins epi avanse efò pou pwoteje pwopriyete a nan fason pèmanan. Pwopriyete a ke yo rele Bell Station Landing enkli pi gwo rivaj bò dlo prive nan Finger Lakes la epi li te yon priyorite pou prezèvasyon ak aksè piblik pandan lontan.

"Bell Station Landing se pi gwo rivaj bò dlo prive nan rejyon Finger Lakes la, epi pandan n ap fè fas ak konsekans enpak imen sou anviwònman nou an, nou dwe konsidere fason pou pwoteje epi prezève pwopriyete inik sa pou jenerasyon alavni yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen remèsye NYSEG paske li fè yon pa annavan epi paske li se yon bon antrepriz sitwayen lè li dakò volontèman pou anile vant ozanchè teren an. Devlopman prive a ta ka genyen domaj ireparab sou pwopriyete ki sansib sou plan anviwònmantal sa, epi si vant ozanchè a te fèt, yo t ap pèdi opòtinite pou prezève teren an pou konsèvasyon ak aksè piblik nèt."

Pandan semèn ki pase yo, plizyè douzèn pwopriyetè, gwoup anviwònmantal, ak ofisyel eli te kontakte biwo Gouvènè Hochul la pou mande li pou fè entèvansyon pou prevni vant ozanchè a epi eksplòre opsyon pou pwoteje pwopriyete a. Avèk akò pou anile vant ozanchè ki sekirize a, Gouvènè Hochul ap oryante Depatman Sèvis Piblik la (Department of Public Service, DPS), Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC); ak Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) kounye a pou fasilite pwoteksyon pèmanan pou pòsyon sa epi maksimize aksè piblik la.

**Carl A. Taylor, Prezidan ak Direktè Jeneral Egzekitif NYSEG ak RG&E te deklare,** "NYSEG te prefere depi lontan pou konsève pòsyon tè sa, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul, Prezidan Howard, Komisè Seggos, ak Komisè Kulleseid pou kolaborasyon ak sipò yo pou rezoud kesyon sa. Antanke Prezidan rejyon Finger Lakes la pandan plis pase 30 lane, mwen konprann enpòtans pou pran swen resous natirèl nou yo epi pou nou yon bon antrepriz sitwayen. Konstui kominote ki dirab nan zòn nou sèvi yo kontinye yon priyorite pou konayi nou an epi desizyon sa ap benefisye efò prezèvasyon yo nan rejyon Finger Lakes la pou ane k ap vini yo."

Lak Cayuga se yon resous enpòtan pou dlo potab, touris, ak rekreyasyon atravè rejyon an. Prezèvasyon Bell Station Landing ap ede pwoteje abita enpòtan pou plant ak fòn yo, epi l ap amelyore opòtinite lwazi piblik anpil lè li bay aksè nan rivaj dirèk nan kot lès Lak Cayuga, ki se 90 pousan prive. Lak la sipòte espò lapèch enkwayab ki enkli, achigan gran bouch, bwochè maye, bwochè nò, marigan, pèchod, krapè solèy, gagouy, ak pwason lò. New York Audubon te deziyen Lak Cayuga tou kòm yon Zòn Enpòtan pou Zwazo epi li sipòte yon gwo popilasyon zwazo sovaj al lòt zwazo ki divèsifye, patikilyèman pandan migrazon ak sezon ivè. Aksè ki ogmante nan zòn inik sa bay opòtinite ekonomik enpòtan pou kominote lokal yo pou kapitalize sou popilarite k ap ogmante pou lwazi anplennè, pandan l ap pwoteje rezèv natirèl ki pwoteje kalite dlo a tou. L ap pwoteje lak la an patikilye kont devlopman rivaj nan lak la ak ewozyon k ap pwoteje kalite dlo a nan yon apwovizyonman dlo potab epi ede diminye menas florezon alg nwizib yo.

**John B. Howard, PDG Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) la, te deklare,** "Antanke yon natif natal rejyon Finger Lakes la, mwen konsyan anpil de bezwen pou prezève espas ouvè yo nan Finger Lakes epi prezève zòn rezèv inik yo kont devlopman prive. Akoz valè anviwònman enpòtan pwopriyete sa, nou apresye volonte NYSEG pou anile vant ozanchè a epi nou enpasyon pou jwenn yon mwayen pou asire ke pwopriyete a pwoteje."

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) a, Basil Seggos te deklare,** "Lè nou travay ansanm, patnè prive ak piblik yo ka pwoteje resous natirèl nou yo epi ogmante aksè piblik dirab nan kote espesyal sa yo. Mwen rekonesan ak efò Gouvènè Hochul pou prezève pòsyon Bell Station lan epi DEC a enpasyon pou travay ak Finger Lakes Land Trust pou konsève Bell Station pou jenerasyon vizitè k ap vini fè eksperyans epi amize yo."

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Konsèvasyon Bell Station Landing se yon opòtinite ra pou prezève kalite dlo nan Lak Cayuga, devlope aksè nan lwazi piblik, epi pwoteje chan vizyon Pak Eta Taughannock. Nou pa ka tann pou travay avèk DPS ak DEC nan efò prezèvasyon enpòtan sa."

**Senatè Pam Helming te deklare,** "Sa se bon nouvèl pou plizyè milye rezidan atravè rejyon an k ap kapab pwofite de zòn vyèj sa nan rivaj Lak Cayuga pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen te fyè pou rejwenn anpil moun ak òganizasyon ki devwe pou atenn rezilta sa. Mèsi Sipèvizè Ed LaVigne ak Vil Lansing, Konte Tompkins, Finger Lakes

Land Trust ak Direktè Egzekitik Andy Zepp, Òganizasyon Entèminisipal Basen Vèsan Lak Cayuga (Cayuga Lake Watershed Intermunicipal Organization) ak tout elektè Lansing yo pou defans yo. Mèsi a Komisyon Sèvis Piblik, Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York la, ak NYSEG. Epi mèsi espesyalman a Gouvènè Hochul paske ou te koute enkyetid ak rekòmandasyon yo, epi ou te pran mezi sou yon solisyon k ap benefisye kominote a epi prezève resous natirèl divèsifye remakab sa ke nou tèlman gen chans pou genyen."

**Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare,** "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul, DPS, DEC, OPRHP, ak NYSEG pou angajman yo pou prezève Bell Station, yon bèl etandi tèren ki pa amenaje ki gen 3,400 pye rivaj vyèj sou kote sid Lak Cayuga avèk kolin bwaze, chit dlo an kaskad, abita enpòtan pou zwazo, ak espès plant ra ki menase. Lak Cayuga se se youn nan dènye rezèv dlo fre nan mond lan. Lè nou prezève forè yo, sa p ap sèlman pwoteje lak la kont ewozyon tè ekoulman ak efè negatif fòs septik rivaj yo, men sa ap prezève tè a tou pou touris ak edikasyon ekolojik. Mwen vle remèsye kominote nou an pou defans pisan yo ak jesyon kontini resous natirèl ak anviwonman nou an."

**Direktè Ekzekitif Finger Lakes Land Trust, Andrew Zepp, te deklare,** "Sa se bon nouvèl pou Finger Lakes. Nou rekonesan ak lidèchip Gouvènè Kathy Hochul, Komisè DEC a Basil Seggos, Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la, John Howard, ak Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid, paske yo ede asire avni jwayo bò lak sa. Tout rezidan rejyon an ak eta a ap benefisye de konsèvasyon plas espesyal sa."

**Leslyn McBean-Clairborne, Prezidan Lejislati Konte Tompkins lan, te deklare,** "Nou apresye pwofondeman efò Gouvènè Hochul pou asire ke bèl pwopriyete sa prezève kont itilizasyon piblik epi mwen rekonesan a NYSEG pou angajman yo pou travay ak kominote lokal la sou itilizasyon ki apwopriye epi ki benefik pou pwopriyete sa. Nou espere jenerasyon rezidan Eta New York ak Finger Lakes alavni yo ap kapab pwofite de teren sa ak resous natirèl li yo pandan anpil ane k ap vini yo."

DEC ak Finger Lakes Land Trust te pwowpoze achte tè a ansanm epi kreye yon zòn jesyon fòn sou pòsyon bò lak la nan pwopriyete a. Yo rekonèt pwojè Bell Station lan kòm yon pwojè priyorite nan Plan Espas Ouvè Eta New York la epi yo dezilyen l kòm "tè prezèvasyon pou aksè piblik alavni" nan Plan Konplè Vil Lansing la.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)